



Kanabis ak Jèn yo: **Enfòmasyon Ou Dwe Konnen**

Li legal pou granmoun konsome kanabis (yo rele li tou mariwana, zèb ak bòz) nan Eta New York (New York State, NYS). Efè kanabis la ka pi riske pou jèn yo pase pou granmoun yo. Li enpòtan pou konnen sa ki legal ak ki efè kanabis la ka genyen sou sante ou ak sou kominote a.

Konsomasyon Legal Kanabis

- Konsomasyon kanabis la legal pou granmoun ki gen laj 21 lane pou pi piti. Ou ka achte li legalman nan dispansè ki gen otorizasyon NYS.
- Li ilegal pou w konsome kanabis nan machin, menm si ou se pasaje epi menm si ou pake.
 - Li danje pou w ap kondui pandan ou anba enflyians kanabis. Pa kondui lè ou fin konsome kanabis ni pa kite yon moun ki t ap konsome kanabis kondui avèk ou.



Kesyon Moun Poze Souvan

**Mwen wè anpil kote k ap vann kanabis.
Èske sa vle di pa gen danje lè ou
konsome li?**

- Kanabis la, ke yo vann li legalman oswa ilegalman, pa nesesèman san danje pou tout moun ni nan tout sitiyasyon.
- Gen anpil pwodui a baz kanabis yo vann nan magazen ki pa gen otorizasyon epi ki pa gen kontwòl sou yo, donk ou pa ka konnen sa ki ladan yo, a ki pwen yo fò ni menm si yo gen kanabis ladan yo.
- Dispansè ki gen otorizasyon yo resevwa yon so verifikasyon nan men NYS ki gen yon kòd QR pou yo kwoke nan fenèt yo. So sa a montre magazen an ka legalman vann pwodui a baz kanabis.
- Si yon magazen pa gen so verifikasyon NYS epi li pa nan lis ki sou **cannabis.ny.gov/dispensary-location-verification**, li pa yon dispansè ki gen otorizasyon epi pwodui yo vann ladan li yo pa sou kontwòl.
- Dispansè ki gen otorizasyon yo pa gen dwa montre kanabis sou devanti yo.



E si zanmi mwen yo konsome kanabis?

- Fè konvèsasyon kare avèk zanmi ou yo sou:
 - Konsomasyon kanabis yo
 - Kijan pou yo konsome kanabis la avèk mwens danje. Diferan fòm kanabis gen diferan efè, donk kòmanse avèk yon ti kantite epi gade kijan ou santi ou anvan ou pran plis.

- Kijan pou evite pwodui a baz kanabis yo vann nan magazen ki pa gen otorizasyon
- Gen anpil moun ki pa konsome kanabis. Menm si gen lòt moun ki konsome li, sa pa yon pwoblèm pou w evite konsome kanabis, tann pou konsome kanabis, oswa redui oswa sispann konsomasyon kanabis ou pou evite efè danjre yo.

Kisa mwen ka fè si mwen pran twòp kanabis oswa si mwen vle yo ede mwen redui konsomasyon mwen?

- Si w ap sibi efè endezirab kanabis la, pale ak yon granmoun ou fè konfyans. Rele **911** si oumenm oswa yon lòt moun gen yon ijans medikal. Pou poze kesyon sou efè kanabis la, rele Sant Antipwazon Vil New York la (NYC Poison Center) nan 212-764-7667.
- Gen moun ki pafwa pran kanabis pou fè fas ak estrès oswa ak lòt pwoblèm mantal, men gen resous ki ka ede ou fè fas yon fason sen:
 - Pou konsèy gratis ak konfidansyèl nan ka kriz, pou sante mantal ak pou sipò nan ka toksikomani, ak pou referans nan laswenyay, rele oswa voye tèks pou **988** oswa fè konvèrsasyon sou entènèt sou **nyc.gov/988**, nenpòt ki lè.
 - Pou enskri nan NYC Teenspace epi pou yo mete ou ansanm ak yon terapis Talkspace pou mesaj ak seyans vityèl an dirèk espesyalman pou adolesan, ale sou **talkspace.com/nyc**.

Efè Kanabis

■ Kanabis la ka:

- Gen efè negatif sou jèn yo, ki gen sèvo yo ki pokò fin devlope.
- Ralanti panse ou ak kò ou, sa k ap nui travay lekòl ou, patisipasyon ou nan espò ak nan lòt aktivite ou renmen.
- Lakòz depresyon ak anksyete, epi, kay kèk moun, ogmante risk pwoblèm tankou eskizofreni.
- Pi di pou sispann konsome lè ou te kòmanse konsome li pi bonè.



■ Konsomasyon sèten fòm kanabis, tankou nan vapè oswa nan jwen, ka gen konsekans sou kominate ou.

- Menm jan ak tabak, lafimen ak ayewosòl (vapè) kanabis yo gen pwodui chimik ki ka danje pou lòt moun. Lè ou evite pwodui sa yo, ou ka pwoteje kè ou, poumon ou ak moun ki antoure ou yo.
- Plim kanabis yo ajoute plastik ak batri toksik nan anviwònman an.



Pou plis enfòmasyon sou konsomasyon avèk mwens danje, efè sou lasante, dwa ou yo dapre lalwa, pwogram kanabis medikal New York la ak plis bagay toujou, ale sou **nyc.gov/health/cannabis**.

